



NATIONS UNIES
DROITS DE L'HOMME
HAUT-COMMISSARIAT

Rapò sou sitiyasyon dwa moun an Ayiti

Premye jiyè 2015 - 31 desanm 2016



Jiyè 2017

Rezime

1. Rapò sa, se Seksyon Dwa Moun (SDH an fransè) nan Misyon Nasyon zini pou Estabilizasyon an Ayiti (MINISTA) / Wo Komisarya Nasyonzini pou Dwa Moun ki prepare l'. Li prezante epi analize kèk eleman kle sou sitiyasyon dwa moun an Ayiti ant jiyè 2015 a desanm 2016. Li kontinye pale de sa kite di nan rapò ki kouvri peryòd ki soti jiyè 2014 pou rive jen 2015 lan, ki te pibliye nan mwa fevriye 2016.
2. Pami devlopman ki pi enpòtan yo, gen konklizyon peryòd elektoral la, 18 mwa apre anpil manifestasyon ki konn gen vyolans pafwa, ki pèmèt nou tounen nan rejim konstitisyon an ak eleksyon yon prezidan, 119 depite (twa fanm), 20 senatè (yon fanm) ak eleksyon otorite lokal yo. Leta a toujou rete an kolaborasyon ak pwosedi espesyal Konsey dwa moun nan anplis pwosedi ògan trete Nasyonzini yo. Men, patisipasyon Leta a ki akseptab nan kesyon mete an aplikasyon mekanis dwa moun yo pa kapab kache absans gwo pwogrè ki genyen nan domèn sa, se sa rapò sa rapòte menm jan ak ansyen rapò piblik Minista yo.
3. Malgre egzistans yon kad legal nasyonal ki reglemante nan ki sikonstans lapolis ka sèvi ak fòs (tankou zam afe), SDH fè suivi sou plizyè akizasyon kont ajan leta yo ki itilize gwo fòs ponyèt yon manyè ki pa legal, e gen ka ki menm konn rive lakòz lanmò. Konsa tou, nou te rive idantifye lòt akizasyon nan kad move tretman ak arestasyon ilegal oswa abitrè ajan Polis Nasyonal yo komèt. SDH pran nòt, malgre tout efò kominikasyon ak transparans enspeksyon jeneral lapolis nasyonal la fè, enstitisyon sa pa gen ase mwayen pou fè ankèt sou zak kriminèl polisye yo komèt.
4. Rapò sa konstate tou menm si kantite prizonye yo sispann ogmante pou peryòd li kouvri a, gen gwo kè sote sou sitiyasyon prizonye yo ki koresponn ak tretman kriyèl ke moun pa merite. Sistèm jidisyè a k'ap mal fonksyone ak arestasyon ilegal yo k'ap kontinye se yo ki lakòz sitiyasyon an kontinye ap vinn pi grav depi 2004. Jiska moman sa, mezi yo te pran pa pèmèt yo ranvèse tandans lan. Pousantaj espas disponib pou prizonye yo okipe nan nan tout prizon nan peyi a se 644 pousan ak espas an mwayèn ki disponib pou chak prizonye se 0,7 mètr kare.
5. Deroulman pwosesis jidisyè ki gen rapò ak krim politik nan tan lontan yo pran anpil tan pou avanse, tankou afè "Duvalier", "Aristide" oubyen zak asasinay jounalis Jean Léopold Dominique. Sa montre mank kapasite, oswa mank volonte ministe piblik la, pou trenen moun ki sispèk yo devan jij, sa ki lakòz yon obstak nan batay kont enpinite.
6. Plizyè milye desandan ayisyen, oswa dominiken otorite dominiken yo konsidere kòm ayisyen, oblije retounen ak volonte yo oubyen sibi depòtasyon an Ayiti kote yo kontinye fè fas a kèk moman difisil nan sa ki gen pou wè ak akèy oubyen reentegrasyon yo nan sosyete ayisyèn nan. Sitiyasyon migrasyon nan fwontyè Ayiti ak Repiblik Dominikèn nan se yon diplis nan tet chaje SDH la genyen devan fèb mwayen li wè leta ayisyen genyen pou reponn a nesesite moun depote yo k'ap ogmante akòz politik rejyonal migrasyon an ki vin pi sere pou ayisyen, sitou pou sila yo ki soti Bahamas, Etazini ak zile Tik ak Kaykos.
7. SDH kontinye ap swiv akizasyon diskriminasyon yo ki fèt sou baz egalite sèks, oryantasyon seksyèl oubyen andikap moun yo epi l'ap kontinye soutni òganizasyon sosyete sivil la kap goumen kont diskriminasyon sa yo. SDH konstate otorite yo ki ta dwe pwoteje ak defann dwa tout moun san diskriminasyon te deside entèdi yon festival kiltirèl ki tap mete an vedèt atis ki soti nan kominote LGBTI a. Anpil moun ki apiye entèdiksyon sa te deklare piblikman ke evènman tankou festival sa yo deranje peyi a paske yo imoral nan sans yo pa mache ni baz sosyal ni ak lòd piblik peyi Dayiti.